

Akò Pou Anplwaye Sèvis Alimantè Fè Rapò Pou Anpeche Anplwaye ki Malad pa Transmèt Maladi yo pa Enfeksyon Manje

Rezon pou akò sa a se pou garanti pou tout Anplwaye Sèvis Alimantè Kwizin ak Aplikan yo ki resevwa yon òf travay kondisyonèl rapòte bay Moun Responsab la chak lè yo santi yon nan kondisyon nou pral site yo, konsa Moun Responsab la kapab pran tout aksyon ki nesèsè pou frennen transmisyon maladi ki kapab transmèt bay lòt moun apati manje.

MWEN DAKÒ POU MWEN RAPÒTE BAY MOUN KI RESPONSAB:

SENTÒM SILA YO

1. Dyare
2. Lafyè
3. Vomisman
4. Lajonis
5. Mal gòj ak lafiè
6. Blesi ki fè pi sou men mwen, ponyèt mwen, oswa yon pati nan kò mwen ki ekspoze (*tankou lè yo brile oswa lè yon blesi enfekte, menm si se yon blesi ki toupiti*)

DYAGNOSTIK MEDIKAL

Chak fwa yo dyagnostike ou ak maladi lafyè tifoyid (yo rele Salmoneloz Tifi), Chijeloz oswa Dyare (yo rele li Chijeloz spp.), maladi *Escherichia coli* O157:H7 la, viris epatit A, maladi *Entamoeba histolytica*, maladi campylobacteri spp., kolera Vibriyo spp., *Cryptosporidium lamblia*, Sendwòm Iremik Emolitik, Salmoneloz spp. (non-tifi), *Yersinia enterocolitica*, oswa *Cyclospora cayetanensis*.

DYAGNOSTIK MEDIKAL KI TE POZE NAN LEPASE

Èske yo deja dyagnostike ou ak youn nan maladi ki site piwo a? _____
Si wi, nan ki dat dyagnostik sa a te fèt? _____

KONDISYON KI PREZANTE PI GWO RISK YO

1. Lè genyen rezon pou yo sispèk ou te lakòz oswa ou te ekspoze ak yon epidemi lafyè tifoyid, chijeloz, *E. Coli* O157, oswa epatit A.
2. Yon moun ki rete nan menm kay la dyagnostike ak lafyè tifoyid, chijeloz, *E. Coli* O157, oswa epatit A.
3. Yon moun ki rete nan menm kay la kap travay oswa ki frekante yon kote ki genyen yon epidemi lafyè tifoyid, chijeloz, *E. Coli* O157, oswa epatit A ki konfime.

Mwen li (oswa yo eksplike mwen) e mwen konprann egzijans ki gen rapò ak responsabilite mwen dapre **Kòd Alimantè 105 CMR 590/1999** ansanm ak akò sila a ki fè mwen egzijans pou mwen respekte kondisyon yo ki site piwo yo kote li nesèsè pou mwen rapòte sentòm, dyagnostik, ak eta sante ki reprezante gwo risk jan li deja esplike a. Mwen konprann tou si youn nan sentòm yo pale piwo a oswa yon eta sante ki reprezante gwo risk kontajyon oswa yo ta dyagnostike mwen ak yon maladi yo pale piwo a, yo kapab mande mwen chanje travay oswa sispann travay nèt jouk lè sentòm yo oswa maladi a disparèt.

Mwen konprann si mwen pa respekte kondisyon ki nan akò sila a, patron a oswa otorite ki sipèvize distribisyon manje gen dwa pran yon aksyon kont mwen ki kapab konpwomèt travay mwen epitou mennen mwen devan lajistis.

Non Aplikan an oswa Anplwaye Sèvis Alimantè la (ekri ak lèt enprimri) _____

Siyati Aplikan a oswa Anplwaye Sèvis Alimantè a _____ dat _____

Siyati Detantè Pèmi a oswa Reprizantan li _____ dat _____

Sila se yon fòmilè Depatman Sante Piblik kreye ki pwopoze kòm yon zouti pou yo itilize pou ede endistri alimantè a respekte egzijans Kòd Alimantè 105 CMR 590.003(C) ak Kòd Alimantè 2-201.11. Itilizasyon fòmilè sa pa obligatwa epitou pa gen okenn règleman Leta ki mande li. Revize : 5/8/2001